



**EKSPLIKASYON POU KOMINOTE A**

# **MEMO ENTÈN ICE LA KI PRAN LARI SOU ARESTASYON LAKAY MOUN**

Nan dat 21 janvye, yon memo entèn ICE te pran lari nan yon [yon rapò lansè-dalèt](#). Memo a di ke ajan ICE yo ka antre lakay moun ki gen lòd depòtasyon final san konsantman yo, epi ak yon manda administratif<sup>1</sup> sèlman. Memo a soti depi Me 2025, men sanble ajans lan pat eseye aplike li jis kounya.

## **ÈSKE SA LEGAL?**

Memo a pa site okenn baz legal pou politik sa, epi **pa gen okenn**. Pandan plizyè dizèn lane, tribinal yo te klè : manda administratif pa pèmèt gouvènman an antre lakay moun oswa nan lòt espas prive.<sup>2</sup> Lakay moun gen pwoteksyon espesyal anba Katriyèm Amannman. Se sèlman yon manda jidisyè, yon jij siyen, ki ka otorize antre nan yon kay yon moun. Sa enpòtan paske dwe gen yon kontwòl jidisyè sou pouvwa egzekitif la. ICE fè pati branch egzekitif la, e li pa ka kontwole tèt li. Li pa ka bay tèt li pèmasyon pou antre lakay moun, menm jan lapolis pa ka ekri pwòp manda pa yo. Yon memo ICE pa chanje Konstitisyon an ni li pa anile desizyon tribinal yo nonplis. **Tout sa memo a fè, se montre sa ICE ap eseye fè san peye konsekans.**

Menmsi sa pa legal, nou atann ajan ICE yo ap swiv memo sa epi antre lakay moun san manda jidisyè ni konsantman. Nou konnen tou ajan ICE yo ame e yo pare pou sèvi ak vyolans, menm fòs mòtèl, pou fè arestasyon. Sa deja gen ladanl itilizasyon grenad flash, bonm lafimen, ak kraze pòt. Ki jan ou reyaji nan moman ICE ap eseye antre lakay ou ak yon manda administratif, se desizyon paw. Nou rekonèt ou ka oblije chwazi ant defann dwa ou ak pwoteje sekirite ou ak sekirite fanmi ou.

Li trè posib ke moun pral pote plent kont ICE pou politik sa, men nan moman nap fe piblikasyon sa, poko gen okenn pwosè ki depoze. Menm lè yo ta konteste politik la, li posib ke desizyon tribinal la pa aplike pou tout peyi a, oswa ICE ka decide inyore desizyon an menm si yo di li aplike pou tout peyi a. Li posib tou ke diferan tribinal nan diferan rejyon nan peyi a pran desizyon diferan sou kesyon sa. Sa ka

1 Dapre pwòp kondisyon memo a, politik sa pa aplike kote li ta antre an konfli ak lòd tribinal la nan ka Kidd v. Mayorkas 734 F. Supp. 3d 967 (C.D. Cal. 2024). Nan ka sa, tribinal la te decide ke ICE dwe gen yon manda jidisyè pou antre nan yon kay ak zòn imedya ki antoure yon kay, ke yo rele “lakou”. Pandan ke memo a deklare ke lòd tribinal la aplike nan Distri Santral Kalifòni an, lòd tribinal la aktyèlman aplike nan Biwo Lokal Operasyon Ranfòsman ak Depotasyon ICE nan Los Angeles, ki kouvri konte Los Angeles, Orange, San Bernardino, Riverside, Ventura, Santa Barbara, ak San Luis Obispo.

2 Gen kèk eksepsyon ra pou politik sa, men se pa baz memo sa oswa règleman sa. Pou yon ti apèsi sou dwa Katriyèm Amannman an konsènan ICE, gade [isit la](#).

pran anpil tan anvan gen yon desizyon ki vrèman anpeche ICE sèvi ak memo sa.

## **KISA MWEN KA FÈ?**

Si ICE di yo gen yon manda administratif epi ou dakò pou yo antre, sa ka difisil pou konteste antre yo antre a annapre. Men si ou refize yo antre, yo ka sèvi ak fòs, tankou kraze pòt oswa fenèt, epi antre ak zam yo tou rale. Li posib tou pou yo akizew pou rezistans arestasyon oswa obstriksyon, selon sikonstans yo. Si ou pè vyolans ajan ICE yo, ou ka eseye di: “Mwen pa kwè nou gen otorite legal pou antre e mwen pa bay konsantman mwen. Men mwen ap louvri pòt la paske mwen pè pou nou pa fèm mal si mwen pa fè sa.” Menm si ou bay konsantman pou yo antre, sonje ou toujou gen dwa: rete an silans lè ICE pozew kesyon, refize siyen dokiman, refize yo fouye, mande pou pale ak yon avoka.

Si ou santi li an sekirite pou fè sa, anrejistre entèraksyon an kapab ede. Si sa posib, sèvi ak yon telefòn oswa yon aplikasyon ki anrejistre videyo a sou entènèt, pou prèv la pa pèdi si yo pran telefòn ou. Sa ka sèvi kòm prèv nan yon pwosedi legal, epi li ka ede ogmante konsyans piblik la ak presyon sou ICE pou yo sispann pratik sa.

Nou rekonèt pa gen yon solisyon egzat pou sitiyasyon sa, epi nou kanpe bò kote ou nan moman difisil ak laperèz sa. Nou pral kontinye mete materyèl nou yo ajou pandan devlopman legal sou memo ICE sa ap parèt.